



Pou Piblikasyon Imedya: 30/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL VOYE EKIP JESYON ENSIDAN 30 MANM NAN ASHEVILLE  
NORTH CAROLINA POU EDE AK REKIPERASYON PASAJ SIKLÒN HELENE**

*Ekip espesyalize ant plizyè ajans ak Gouvènman Lokal la pral bay sipòte  
operasyonèl pou aktivite entèvansyon yo*

*Dimanch, New York te voye 17 manm Gad Nasyonal la ak twa elikoptè transpò lou  
CH-47F Chinook nan North Carolina avèk kat jeneratè pou Georgia*

*Ekip sovtaj nan dlo rapid la te deplwaye nan North Carolina nan mèkredi*

*Gade [foto](#) ak [videyo](#) yo isit la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 30 manm Ekip Jesyon Ensidan (Incident Management Team, IMT) Eta New York te deplwaye nan Asheville, nan North Carolina pou bay sipòte operasyonèl pou efò rekiperasyon apre pasaj Siklòn Helene. Ekip la gen ladan pwofesyonèl konpetan ki pral ede premye entèvenan lokal yo. Yo pral mete sou plas yon tant operasyon otonòm pou mennen tach yo ki gen ladan rechèch ak sovtaj, enspeksyon estrikti, kominikasyon ak aktivite entèvansyon ijans. Manm ekip yo espere kòmanse rive jodi a ak ekipman ak pèsònèl adisyonèl nan madi.

"Nouyòkè yo bay egzanp epi ede vwazen nou yo nan moman dezespwa yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekip ekspè nou an ak ekipman yo pral pote avèk yo a pral ede sove lavi epi evalye domaj siklòn Helene. Mwen remèsye Nouyòkè brav sa yo paske yo te reponn apèl la epi mwen espere y ap retounen byen."

Ekip Jesyon Ensidan Eta New York la te sipòte anpil ijans lokal ansanm ak sa yo ki nan lòt eta yo, tankou suit tònad yo nan Kentucky an 2021 ak Siklòn Harvey nan Texas an 2019.

Dimanch, Gouvènè Hochul te deplwaye 17 sòlda nan Gad Nasyonal Lame a ak twa elikoptè transpò lou pou sipòte Gad Nasyonal nan North Carolina ak kat jeneratè 100 KW nan Macon, Georgia pou sipòte efò rekiperasyon yo.

Mèkredi pase, li te voye nan North Carolina yon ekip 16 pèsonèl sovtaj dlo rapid, de kanin ak ekipman entèvansyon ijans. Ekip sa a aktyèlman resevwa fonksyon sa a pou ede Biwo Jesyon Ijans nan Konte Yancey.

[Ekip Jesyon Ensidan Eta New York \(IMT\)](#) se yon ekip ki gen plizyè ajans/plizyè jidiksyon ki ka deplwaye oswa aktive lè sa nesèsè pou jere yon ensidan oswa yon evènman san danje, yon fason efikas, kèlkeswa kòz, gwosè oswa kompleksite. Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York mande mete ekip la disponib pou ajans Eta yo ak otorite gouvènmantral yo. Yo deplwaye kòm yon ekip pèsonèl ki resevwa fòmasyon, ki reprezante plizyè disiplin ki jere gwo ensidan konplèks ki mande yon kantite siyifikatif resous lokal, eta oswa tribal. Jiridiksyon ki fè demann lan konsève tout kontwòl lokal, otorite, ak responsablite pandan tout dire ensidan an pandan IMT a bay asistans jesyon ensidan an nan non yo. Yo deplwaye kòm yon ekip pèsonèl ki resevwa fòmasyon, ki reprezante plizyè disiplin ki jere ensidan pi gwo ak/oswa konplèks ki mande yon kantite siyifikatif resous lokal, eta oswa tribal.

Asistans ki deplwaye a fè pati Kontra Asistans Jesyon Ijans (Emergency Management Assistance Compact, EMAC), sistèm nasyonal èd mityèl pou tout danje nan peyi a. Kongrè Ameriken an (PL 104-321) ratifye EMAC la epi li se lwa nan tout 50 eta yo, Distri Columbia, Pòtoriko, Guam, Zile Vyèj Ameriken ak Zile Maryòn Dinò. Manm EMAC yo ka pataje resous ki soti nan tout disiplin, pwoteje pèsonèl ki deplwaye epi yo ka ranbouse yo pou depans ki gen rapò ak misyon yo.

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare,** "Mwen vle remèsye premye entèvenan Eta New York ak Vil New York ki deja sou tèren an ak sa yo ki rejwenn ran yo kounya. Ede kominote yo rekipere apre siklòn katastwofik tankou sa yo gen anpil egzijans fizikman ak emosyonèlman e yo apresye devouman yo pou sèvi moun sa yo ki nan bezwen yo."

**Komisè Agrikilti Eta New York la, Richard A. Ball, te deklare,** "Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York fyè dèske li fè pati Ekip Jesyon Ensidan Eta a epi li bay sipò pou entèvenan ak pèsonèl ijans North Carolina. Responsab sityasyon Ijans Depatman konpetan an prè pou ede North Carolina ak fanmi li yo nan moman difisil sa a, menm jan ak lòt eta yo te reponn apèl la lè New York te fè fas ak pwòp sityasyon katastwòf li yo. Nou rekonesan anvè patnè nou yo nan IMT a ki rejwenn tou entèvansyon an epi ede kominote sa yo ki afekte retabli epi kòmanse rekonstwi."

**Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmantral la, Sean Mahar, te deklare,** "Kèlkeswa li deplwaye an entèvansyon a yon katastwòf natirèl, dife, oswa rechèch ak sekou ensidan, gad forè DEC yo toujou prè pou itilize fòmasyon ekspè nan kòmand ensidan yo nan eta ak aletranje. Mwen felisite gad forè nou yo ki devwe ak Ekip Jesyon Ensidan Eta a pou patisipe nan entèvansyon Siklòn Helene epi mwen swete yo bon siksè nan detay enpòtan sa a."

**Komisè Tanporè Pak Eta New York la, Randy Simons, te deklare,** "Mwen rekonesan anvè Sèjan Lapolis Pak, Jeffrey Santor, paske li te prete ekspètiz li nan misyon enpòtan

sa a. Nan non Pak Eta New York, mwen swete kominote ki afekte yo yon rekiperasyon san danje epi rapid apre siklòn devastatè sa a."

**Direktè Enfòmasyon ak Direktè Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon Eta New York la, Dru Rai, te deklare,** "Antanke founisè sèvis Teknoloji Enfòmasyon (TI) New York ak manm ekip entèkansyon nan ka ensidan Eta a, nou fyè pou nou jwe yon wòl nan misyon sa a pou ede abitan North Carolina. ITS pral bay kominikasyon ak sipò teknik ki pral pèmèt premye entèkansyon ewoyik nou yo fè travay yo san pwoblèm ak efikasite, epi ede kominote North Carolina ak fanmi yo tounen sou pye yo epi reprann vi nòmal yo pi vit posib. Anba direksyon Gouvènè Hochul, IMT New York te montre konpetans, fòs ak detèminasyon nan moman kriz yo epi nou prè pou bay èd yon lòt fwa ankò."

**Direktè Egzekitif Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, te deklare,** "Anba direksyon Gouvènè Hochul, New York ap voye ekipman ak pèsònèl pou sipòte entèkansyon ijans atravè sid la epi Otorite Thruway fyè dèske li fè pati misyon esansyèl sa a. Evènman move tan ekstrèm yo kontinye gen enpak sou lavi nou chak jou, epi nou prè pou kontinye sipòte kominote yo ke tanpèt devastatè sa yo afekte."

**Sirentandan Lapolis Eta New York la, Steven G. James, te deklare,** "Kolaborasyon resous yo esansyèl pou asire ke fòs de lòd ak ekip entèkansyon an kapab diminye nenpòt sitiyasyon ijans ki ka rive. Manm nou yo pral kontinye travay fèm ak patnè nou yo nan menm objektif la pou bay pi bon pwoteksyon ak sèvis pou tout sitwayen tout kote sa nesèsè. Lapolis Eta New York la pare pou bay tout lòt asistans ki nesèsè pou diminye efè devastatè siklòn sa a".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)